

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina waktu komunikasi, basa téh dipakéna gumulung tina rupa-rupa babagian basa. Ayana babagian basa téh pikeun ngagampangkeun manusa ngagunduk-gunduk atawa nyieun papasingan. Papasingan nu dimaksud nya éta warna kecap, wanda kecap, wangun kecap, klasifikasi basa katut ka klasifikasi unsur-unsur basa. Disawang tina adeganana, basa diulik sacara gurat badag tina tilu bagian, nya éta tata sora (fonologi), tata basa (gramatik), jeung tata harti (semantik). Tata sora (fonologi) maluruh perkara sora-sora basa anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa. Tata basa (gramatik) dibagi dua bagian nya éta tata wangun kecap (morfologi) maluruh morfem dina prosésna ngawangun kecap jeung tata kalimah (sintaksis) maluruh adegan frasa, klausa, jeung kalimah. Tata harti (semantik) maluruh perkara harti-harti nu aya dina basa.

Unggal basa miboga ciri has, boh dina tata sora (fonologi), tata basa (gramatik), jeung tata harti (semantik). Kaunikan basa Sunda bisa ditingali tina kekecapan atawa gundukan kecap dina pamakéan basa di masarakat. Pamakéan kecap tangtu disaluyukeun jeung kontéks kalimah nu rék dikomunikasikeunna. Hartina aya loba kecap dina basa Sunda hususna dina kecap bilangan nu unik dina hartian kecap “éta” husus cocog dituturkeun ku kecap “panangtuna” contona kecap 1) “Roko Sabatang”, 2) “Jelema saadeg”, 3) “Awi Sadapur” jsb. Tilu kecap di luhur miboga sasaruaan yén kecap nu dihareupna nya éta roko, jelema, jeung awi pasti kudu dituturkeun ku kecap “panangtuna” nya éta sabatang, saadeg, jeung sadapur saperti conto di luhur. Kecap bilangan téh nya éta kecap-kecap nu nuduhkeun jumlah (réana) barang atawa tahapan (pangkat) salah sahiji barang (Wirakusumah, Spk., 1982, kc. 43). Kecap bilangan miboga fungsi pikeun nunjukkeun jumlah, beungkeutan, urutan, jeung tahapan tina barang (Sudaryat, Spk., 2007, kc. 135).

Ieu panalungtikan patali jeung unsur basa Sunda nya éta kecap bilangan. Kecap bilangan kaasup tinu dua belas warna kecap, sabelas warna kecap séjénna

nya éta (1) kecap barang; (2) kecap pagawéan; (3) kecap sifat atawa kaayaan; (4) kecap sulur atawa kecap gaganti; (5) kecap bilangan; (6) kecap keterangan; (7) kecap pangantet; (8) kecap panyambung; (9) kecap sandang; (10) kecap anteuran; (11) kecap panganteb; jeung (12) kecap panganteur pagawéan (Wirakusumah, Spk., 1982, kc. 36-37).

Panalungtikan kana kecap bilangan panangtu kaitung penting lantaran sering panyatur basa Sunda ngalarapkeun basa dina kecap bilangan panangtu anu runtuyanana kapangaruhan ku basa Indonésia, contona waé urang Sunda sok ngucapkeun “saheulay samak” nu minangka terjemahan tina basa Indonésia samak “tikar” sehelai. Padahal runtusan anu merenah dina basa Suda mah nya éta samak saheulay. Tumali jeung hal éta Wirakusumah, Spk., (1982, kc. 43) nételakeun yén kecap bilangan dina basa Sunda (dina fungsi atributif jeung prédictif) dipakéna biasana di tukangeun kecap barangna: kuring meuli patlot *tilu*, paréna *loba*, anakna *kabéh* disakolakeun. Poé *kaduana* manéhna balik deui, cing meuli cau *sasikat!* (Tara kieu: Kuring meuli tilu leunjeur awi, cing meuli sasikat cau! Éta mah pangaruh basa Indonésia: “saya membeli tiga batang bambu”. Ku lantaran kitu, lamun éta hal diantepkeun bakal ngabalukarkeun ayana interperensi jeung salah kaprah dina struktur basa Sunda.

Panalungtikan ngeunaan basa Sunda kaitung réa, di antarana, ngawengku widang garapan tata sora, tata kecap, tata kalimah, jeung tata wacana. Ieu panalungtikan patali jeung salah sahiji widang tata kecap, nya éta kecap bilangan. Sanajan panalungtikan ngeunaan basa Sunda kaitung réa, ngan anu ngalakukeun panalungtikan ngeunaan kecap bilangan mah masih saeutik kabuktian ku kurangna buku di lapangan anu medar panalungtikan kecap bilangan sarta can jelas runtuyanana, boh runtusan strukturalna, boh runtusan semantikna. Hal ieu patukangtonggong jeung data nu aya dilapangan. Dilapangan mah kapanggih yén data kecap bilangan téh kaitung euyeub sarta masing-masingna miboga hal anu unik pikeun ditalungtik. Nepi ka ayeuna can loba kapanggih ngeunaan panalungtikan ngeunaan kecap bilangan dina basa Sunda. Kurangna buku, sarta kurangna hasil panalungtikan ngeunaan kecap bilangan hususna kecap bilangan

panangtu dina basa Sunda. Hal ieu nu ngahudangkeun ayana panalungtikan ngeunaan kecap bilangan panangtu sacara husus.

Dina ieu panalungtikan maké pamarekan analisis struktural jeung semantik. Analisis struktural pikeun mesék hal-hal ngeunaan struktur tina éta kecap bilangan panangtu dina basa Sunda sedengkeun analisis semantik mangrupa péso nu dipaké dina mesék tina harti anu aya dina kecap bilangan panangtu dina basa Sunda.

Panalungtikan ngeunaan kecap bilangan pernah dilaksanakeun di antarana ngeunaan “Kata Bilangan dan Kata Sifat dalam Bahasa Sunda” (Abud Prawira Sumantri, Spk., 1986). Éta panalungtikan mangrupa Proyék Penelitian Bahasa dan Sastra Indonésia dina taun 1984-1985. Tug nepi ayeuna panalungtikan husus ngeunaan kecap bilangan panangtu dina basa Sunda can kungsi aya nu nalungtik.

Dumasar kana keterangan di luhur, panalungtikan kecap bilangan panangtu perlu diayakeun sarta dilaksanakeun. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Kecap Bilangan Panangtu dina Basa Sunda Ulikan Struktur jeung Semantik”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, ulikan perkara kecap bilangan panangtu bisa dititénan tina rupa-rupa saperti wangu, fungsina, distribusina, jeung hartina.

Ulikan wangun, fungsi jeung distribusi kecap bilangan panangtu mangrupa ulikan struktur, ari harti kecap bilangan panangtu mangrupa ulikan semantik. Ulikan wangun, fungsi, distribusi, jeung harti kecap bilangan panangtu, teu bisa leupas tina kecap bilangan nu ditangtukeunana. Ku kituna dina medar kecap bilangan panangtu bakal kasabit-sabit ogé kecap bilangan.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah anu ditalungtik perlu dirumuskeun heula dina wangun patalékan. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan perlu diwincik dina wangun patalékan saperti ieu di handap.

- 1) Kecap bilangan panangtu naon waé dina basa Sunda?
- 2) Kumaha wangun kecap bilangan panangtu dina basa Sunda ?
- 3) Kumaha fungsi kecap bilangan panangtu dina basa Sunda?

- 4) Kumaha distribusi kecap bilangan panangtu patali jeung kecap bilangan dina wangun sintaksis (frasa, klausa, atawa kalimah)?
- 5) Kumaha ma'na kecap bilangan panangtu dina basa Sunda?
- 6) Kumaha harti acuan tina kecap bilangan panangtu dina basa Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan umum tina panalungtikan ieu nya éta pikeun maluruh struktur kecap bilangan panangtu jeung ma'na acuan nu dikandungna dina basa Sunda. Ari tujuan hususna nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- 1) kecap bilangan panangtu dina basa Sunda;
- 2) wangun kecap bilangan panangtu dina basa Sunda;
- 3) fungsi kecap bilangan panangtu dina basa Sunda;
- 4) distribusi kecap bilangan panangtu dina basa Sunda;
- 5) ma'na kecap bilangan panangtu dina basa Sunda, jeung;
- 6) ma'na acuan kecap bilangan panangtu dina basa Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat anu dipiharep nya éta bisa neuleuman leuwih jero élmuning basa tur aplikasina dina basa nu digunakeun dina kecap bilangan panangtu ogé nambahana pangaweruh pikeun kamekarana tata basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun panalungtik dipiharep bisa jadi pangrojong keur nulis jeung nyusun deui rupa-rupa tulisan atawa karya ilmiah.
- 2) Pikeun nu maca dipiharep bisa nambahana pangaweruh ngeunaan basa Sunda tur élmuning basana hususna struktur sarta ma'na kecap bilangan panangtu.
- 3) Pikeun pangajaran bisa dijadikeun sumber bahan ajar keur guru jeung siswa dina pangajaran basa Sunda.

1.5 Rangkay Tulisan

Hasil ieu panalungtikan disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab, anu rangkay tulisananana saperti:

Dina Bab I Bubuka, didéskripsikeyun bubuka nu ngawengku kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis), sarta rangkay tulisan dina ieu tésis.

Dina Bab II Tatapakan Tioritis, didéskripsikeyun rupaning ulikan tiori, panalungtikan saméméhna sarta kalungguhan tioritis (anu ngawengku raraga mikir), wangenan kecap bilangan panangtu, katut unsur-unsur basa séjénna nu aya patalina.

Dina Bab III Métode Panalungtikan, didéskripsikeyun ngeunaan desain panalungtikan (anu ngawengku pamarekan, métode jeung alur panalungtikan), sumber data anu digunakeun dina panalungtikan, ngumpulkeun data boh instrumén, téhnik jeung léngkah-léngkahna, sarta analisis data (anu ngawengku téhnik jeung léngkah-léngkahna).

Dina Bab IV Timuan jeung Pedaran, didéskripsikeyun ngeunaan timuan jeung hasil analisis data panalungtikan sarta pedaran eusi panalungtikan.

Dina Bab V Kacindekan jeung Saran, didéskripsikeyun ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, jeung saran hasil panalungtikan.